

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1. Kasang Tukang Masalah

Nulis mangrupa salasihiji kamampuh basa nu kudu dikawasa ku siswadiunggal tahapan sakola, ti mimiti SD nepi ka Paguron Luhur. Nulis dina harti komunikasi mangrupa sarana pikeun nepikeun eusi pikiran, gagasan, ide, pangaweruh, harepan jeung amanat. Lian ti éta, kagiatan nulis kaasup kana kaparigelan basa anu penting dina pangajaran di sakola, sabab kagiatan nulis bisa ngarojong kamekaran inteléktualitas siswa sangkan mikir kritis jeung ngahudang kréatifitas sakumaha nu diébréhkeun ku Sukmadinata (2004:181) yén prosés kréatif nuduhkeun kana mikir nu sipatna ngaguar, ngahirupkeun *imajinasi, intuisi*, ngahudang potensi-potensi anyar, muuka sawangan-sawangan anyar nu nimbulkeun rasa kagum, ngarangsang pikiran-pikiran nu anyar.

Sakumaha kaunggel dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda yén dipiharep siswa mampuh nulis sacara éféktif pikeun ngébréhkeun amanat (pikiran, rasa, jeung kahayang) jeung kréativitas sastra dina mangrupa-rupa wangun sarta jenis karangan (wacana tulis), salasihiji materi poko nu kudu dikawasa dina aspek nulis kelas VIII nya éta nulis éséy.

Kiwari kamampuh siswa dina pangajaran nulis, hususna dina nulis éséy kurang kénéh. Di SMP buktina peunteun nulis karangan éséy (Basa Sunda) rata-rata dihandap standar kompetensi nya éta 60. Katitén tina hasil diajar siswa dina nulis éséyteu ngahontal standar kompetensi nu geus ditangtukeun tina

hasilMGMP Basa Sunda. Ku kituna, peunteun nu kudu dihontal ku siswa nya éta 72.

Ieu hal disababkeun ku sababaraha faktor diantarana nya éta teu ngasah kamampuh nulis ngaliwatan latihan, kurangna pangalaman maca nu bisa nambahan pangaweruh, jeung faktor *internal* nya éta euweuh motivasi diajar ti diri siswa pikeun midangkeun eusi pikiran dina wangun tinulis.

Toety Heraty Nurhadi dina Sudaryat (1986: 76) ngébréhkeun yén :

“Kamampuh midangkeun eusi pikiran katut rasa aya hubunganana jeung psikologis nya éta faktor internal jeung faktor éksternal. Faktor *internal* nya éta rojongan nu sipatna kaluar ti diri pribadi kayaning motivasi jeung emosi. Sedengkeun faktor éksternal nya éta rojongan anu datangna ti saluareun diri kayaning suasana lingkungan anu ngarojong sangkan daék nulis, boh ku ayana pancén boh ku ayana pangbibita ku hadiah atawa pangajén lianna.”

Hartina dina milih pamarekan pangajaran masih kénéh kurang saluyu, sarta siswa teu dibéré kasempetan sangkan ngaguar atawa nimu pangalaman sarta ngalakukeun observasi sacara langsung kana salasahiji objék minangka sumber panalungtikan.

Ku kituna pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis éséy leuwih ti heula nya éta kudu ngahudang faktor eksternal tina lingkungan jeung faktor internal, ari faktor internal siswa nya éta minat jeung motivasi siswa kana kagiatan nulis.

Guru salaku pendidik gedé pangaruhna dina ngahudang faktor internal jeung faktor éksternal pangajaran nulis. Guru ditungtut pikeun ngalaksanakeun

pangajaran nu bisa ngirut minat siswana. Daya tarik pangajaran ditangtukeun ku dua hal, kahiji pangajaran nu ditepikeun, nu kadua cara ngajar guru. ‘Tugas profesional saurang guru nya éta ngajadikeun pangajaran nu bisa ngirut ati siswa, nu tadina hésé jadi babari jeung ngajadikeun pangajaran nu boga harti’ (Degeng1998:1). Upama guru bisa nerapkeun pamahaman yén diajar mangrupa kabutuhan, siswa bakal diajar kalawan sukarela. Pikeun ngahontal hal diluhur, dibutuhkeun gaya ngajar anu hadé nya éta rarancang pangajaran sacara konséptual (modél pangajaran) nu nangtukeun kahontalna tujuan pangajaran.

Salasahiji pamarekan nu bisa ngarojong kana pamahaman siswa dina nyerep sawatara matéri pangajaran nya éta pangajaran kontékstual (*contextual teaching learning*). Pangajaran kontekstual mangrupa cara diajar nu ngahubungkeun alam pikiran antara pangaweruh jeung pangalaman ngaliwatan kaayaan nu sabenerna dina kahirupan. Lian ti éta, pamarekan kontékstual bisa dipaké luyu jeung kurikulum nu aya sarta teu ngarobah aturan nu aya.

Numutkeun Sugiyanto (2010:16), prosés pangajaran dipiharep lumangsung sacara alamiah dina wanda kagiatan siswa pikeun gawé jeung ngalaman, lain transfer pangaweruh ti guru ka siswa. Strategi pangajaran leuwih penting batan hasil. Luyu jeung landasan filosofis CTL nya éta kontrukstivisme, nu mangrupa filosofi diajar nu nekenkeun yén diajar teu ukur ngapalkeun.

Numutkeun Nurhadi (Sugiyanto, 2003:14), pangajaran kontekstual nya éta konsep diajar nu ngajurung guru pikeun matalikeun antara materi nu diajarkeun jeung situasi dunya siswa nu sabenerna. Sarta ngajurung siswa matalikeun hubungan antara pangaweruh siswa jeung penerapan dina kahirupan siswa

séwang-séwang. Pangajaran CTL ngalibetkeun tujuh komponén utama pangajaran, nya éta: (1) konstruktivisme (*konstruktivism*), (2) tumanya (*questioning*), (3) menemukan (*inquiry*), (4) masarakat diajar (*learning community*), (5) pemodélan (*modeling*), jeung (6) penilaian (*authentic assessment*).

Ngaliwatan pamarekan CTL ngagunakeun tipe *inquiry*, dipiharep siswa manggih harti diajar sarta siswa bisa ngawangun pamahaman dina nepikeun gagasanana, ogé bisa ngahudang motivasi jeung kréativitas dina nyicikeun pangaruh katut pangalamanana kana kagiatan nulis éséy. Lian ti kitu, pamarekan CTL miboga sababaraha kaonjoyan, nya éta : (1) teu monoton, (2) siswa leuwih kréatif jeung aktip, (3) meunang loba pangalaman, (4) ngahudang motivasi sangkan diajar, (5) guru leuwih kréatif, jsté. Tina pedaran ti luhur, kudu diayakeun panalungtikan dina pangajaran nulis éséy ngagunakeun pamarekan pangajaran *Contextual Teaching Learning*.

Luyu jeung kasang tukang diluhur, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan pamarekan *Contextual Teaching Learning* tipe *inquiry* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Karangan Éséy Siswa Kelas VIII.3 SMP NEGERI 16 Bandung.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Panalungtikan diwatesanan kana pamarekan pangajaran Basa Sunda, nya éta : 1) Prak-prakan pamarekan pangajaran *Contekstual Teaching Learning* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis éséy; 2) Hasil panalungtikan baris ngawatesanan kajian kana pamarekan pangajaran CTL dina pangajaran nulis éséy dumasar kana éjahan jeung tanda baca, struktur panulisan

éséy sarta ide siswanu ngagunakeun métode Penelitian Tindakan Kelas (*Classroom Action research*) di kelas VIII.3 SMP NEGERI 16 Bandung.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, Masalah panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya dihandap :

- a. Kumaha prak-prakan pamarekan pangajaran *Contékstual Teaching Learning Tipe Inquiry* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII.3 SMP NEGERI 16 Bandung?
- b. Kumaha hasil diajar siswa kelas VIII.3 dina nulis éséy sabada jeung saacan maké pamarekan pangajaran *Contextual Teaching Learning Tipe Inquiry*?
- c. Ngaronjat henteuna hasil diajar siswa kelas VIII.3 dina nulis éséy maké pamarekan pangajaran *Contextual Teaching Learning Tipe Inquiry*?
- d. Kumaha aktivitas diajar siswa kelas VIII.3 dina nulis éséy maké pamarekan pangajaran *Contextual Teaching Learning Tipe Inquiry*?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun meunteun atawa ngaévaluasi pamarekan pangajaran CTL dina pangajaran nulis éséy dumasar kana éjahan jeung tanda baca.

#### 1.3.2 Tujuan Husus



Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta :

- a. Mekarkeun kamampuh nulis éséy ngagunakeun pamarekan pangajaran *Contextual Teaching Learning Tipe Inquiry*.
- b. Ngukur kaépektipan pamarekan CTL *tipe inquiry* dina pangajaran nulis éséy dina éjahan jeung tanda baca, struktur panulisan éséy sarta ide siswa.
- c. Guru bisa ningkatkeun kualitas pangajaran ngaliwatan pamarekan CTL *tipe inquiry* dina pangajaran nulis éséy.
- d. Ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII.3 SMP Negeri 16 Bandung.

#### **1.4 Manfaat Panalungtikan**

##### **1.4.1 Manfaat Tioritis**

Manfaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré sumbangan pikeun sistem pendidikan dina hal milih téhnik pangajaran nulis éséy nu baris diwatesanan tina éjahan jeung tanda baca, struktur panulisan éséy sarta ide siswa.

##### **1.4.2 Manfaat Praktis**

- a. Pikeun Guru  
dipiharep bisa mekarkeun kréatifitas sarta ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy.
- b. Pikeun Siswa  
dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran ngaliwatan pamarekan kontékstual dina pangajaran nulis éséy.

c. Pikeun Nu Nalungtik

dipiharep bisa méré pangaweruh nu leuwih jembar ngeunaan pangajaran nulis éséy ngaliwatan Pamarekkan *Contextual Teaching Learning Tipe Inquiry* Sarta dijadikeun referensi pikeun diterapkeun kana rupa-rupa widang pangajaran.

d. Pikeun lembaga

Pikeun lembaga, Pendidikan Tenaga Kependidikan kiwari dipiharep sangkan leuwih ningkatkeun kualitasna.

### 1.5 Asumsi

Asumsi dina ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Pamarekan *Contextual Teaching Learning* bisa dipaké dina pangajaran nu ngawengku opat aspek kaparigelan bahasa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, nulis, jeung maca.
- 2) Pamarekan *Contextual Teaching Learning Tipe Inquiry* mangrupa pamarekan nu matalikeun antara pangajaran jeung pangalamansangkan ngahudang kréativitas jeung produktivitas ti diri siswa.

### 1.6 Hipotésis Tindakan

Hipotésis nu digunakeun nya éta hipotésis tindakan sabab dina ieu panalungtikan ngagunakeun metode PTK. Hipotésis nya éta jawaban *sementaratina* masalah panalungtikan nu kudu diuji bebeneranana ngaliwatan ngumpulkeun jeung analisis data (Sanjaya, 2009 :72).

Anggapan Dasar nya éta sagala bebeneran, tiori atawa pamadegan nu di jadikeun dasar dina hiji panalungtikan. Ku kituna, Panulis yakin yén Pamarekan *Contextual Teaching Learning* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy di Kelas VIII.3 SMP NEGERI 16 BANDUNG.

### 1.7 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode *Penelitian Tindakan Kelas* (PTK), anu tujuanana nyumbangkeun kaparigelan anyar atawa cara pamarekan anyar sarta pikeun ngungkulan pasualan sacara langsung di dunia pendidikan. Cindekna, PTK mangrupa salasahiji panalungtikan kana kagiatan di jero kelas. Dina PTK, aya opat tahapan dina hiji siklus nu kudu dipigawé, nya éta 1) *Planning*, 2) *Acting*, 3) *Observasi*, 4) *Reflecting*. Upama dina siklus hiji hasil panalungtikan teu ngaronjat, ku kituna kudu ngalaksanakeun siklus ka dua nu tahapanana sarua jeung siklus hiji.

Ku kituna, metode PTK model Kemmis Mc taggart dipaké pikeun ngukur pangaruh Pamarekan *Contextual Teaching Learning* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII.3 di SMP NEGERI 16 BANDUNG.